

Pou Piblikasyon Imedya: 01/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY AJANS ETA YO ENSTRIKSYON POU YO REDOUBLE EFÒ YO POU PWOTEJE KOMINOTE YO KONT INONDASYON LAKE ONTARIO

DEC bay yon Pèmi Jeneral pou reparasyon apre inondasyon Lak Ontario ak St. Lawrence, k ap akselere pwosesis la pou mèt pwopriyete yo ki sou rivaj la fè reparasyon ki nesèsè yo pou estabilize pwopriyete yo kont dega inondasyon

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo deplwaye plizyè milye sak sab ak 221 pye akwadam direktèman nan Konte Niagara, epi l ap mete disponib jiska 100 ponp pou rejyon an pou pwoteje kont inondasyon

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay ajans Eta yo enstriksyon pou redouble efò yo pou pwoteje kominote yo ki sou tout rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence kont inondasyon posib ki ta ka genyen poutèt nivo dlo yo ki ap monte nan lak la. Gouvènè Cuomo te bay Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a enstriksyon pou li bay yon Pèmi Jeneral pou okipe efè destriktè posib nivo dlo wo yo nan Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence poutèt kounye a gen plis presipitasyon ak nèt k ap fonn pase lamwayèn nan Basen Gran Lak yo. Pèmi sa a, ki baze sou yon [Deklarasyon Ijans](#) komisè DEC a te fè, pral akselere pwosesis la pou mèt pwopriyete yo ki sou rivaj la fè reparasyon ki nesèsè yo rapidman epi estabilize pwopriyete yo kont dega inondasyon. Yo prevwa nivo dlo wo yo pral kontinye epi gen dwa lakòz ewozyon jeneralize sou rivaj la, donmaje estrikti kotye yo epi konpwomèt ensfrastrikti menm jan ak inondasyon istorik ki te fèt nan prentan 2017 la. Anplis de sa, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la deja deplwaye 20,000 sak sab, yon aparèy pou plen sak ak sab ak 221 pye akwadam dirèkteman nan Konte Niagara epi li mete disponib jiska 100 ponp pou rejyon an pou ede pwoteje kont inondasyon.

"Se yon sitiyasyon ki difisil anpil pou kominote yo bò lak yo. Se yon pwoblèm sitou isit la nan Newfane epi nou gen yon estrateji a plizyè volè nou kapab egzekite kounye a anvan dega yo fèt pou eseye redui epi aleje pwoblèm nou prevwa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Jodi a nou pral bay yon pèmi jeneral ki pral esansyèlman bay rezidans ak biznis yo ki bò dlo a pèmi alavans pou yo kapab fè kalite reparasyon akoutèm ak ijan yo bezwen fè yo. N espere Manman Lanati ap chanje lentansyon li epi lak la p ap monte pi wo men nou deja nan nivo ki bat rekò epi deviz nou se toujou espere lemye men prekasyon pa kapon."

"Kòm mwen te vizite kominote inondasyon te touche yo epi mwen te konstate destriksyon an ak je pa mwen, mwen konnen enpak devastatè inondasyon Lak Ontario te genyen sou mèt kay yo ak biznis yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Ak deplwaman sipleman resous yo ak plis soutyen, n ap prepare pou posibilite inondasyon epi nou pare pou ede rezidan yo epi pwoteje kominote yo nan divès fason."

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral an bay Pèmi Jeneral, ki valid pou yon dire tan presi, apre katastwòf natirèl oswa kondisyon meteyo ekstrawòdinè epi lè gen plizyè moun oswa gouvènman lokal ki bezwen antreprann menm tip pwòje yo pou okipe dega yo. Pèmi Jeneral yo ede kominote yo rebati nan evite pwosesis long chèche pèmi endividyèl pou yon kote presi. Paregzanp, an 2017 DEC te kapab akselere plis pase 3,000 pèmi pou travay ijan. Pèsonèl DEC a fè sipèvizyon ak kontwòl kalite estrik lè yo fin bay pèmi yo pou verifiye tout travay k ap fèt yo respekte règleman yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral an, Basil Seggos, te deklare, "Pandan kominote yo ap pare pou konsekans inondasyon posib yo, Eta New York ap pran mezi pou redui epi okipe dega ki ta kapab genyen nan pwopriyete ak enfrastrikti. Pèsonèl DEC a ap kontinye kontwole kondisyon dlo wo yo epi li pare pou ede minisipalite yo ak rezidan yo sou rivaj la pare epi entèvni jiskaske ijans lan fini".

Komisè Pa Enterim nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans nan Eta New York Ian Patrick A. Murphy te deklare, "Poutèt inondasyon sou rivaj Lak Ontario se yon bagay ki malerezman ap vin nouvo nòmal la, li esansyèl pou kòm eta nou mete tèt ansanm pou ankadre kominote yo ki bò lak la epi garanti 2017 pa rive ankò. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, pèsonèl entèvansyon dijans Eta New York la rete an kominikasyon konstan avèk kolaboratè lokal nou yo epi y ap voye resous siplemantè san rete nan kominote ki bezwen yo. N ap la jiska lafen epi nou pare pou pote asistans bay tout lòt lokalite ki bezwen èd nou".

DEC te bay nouvo Pèmi Jeneral sa a pou ajoute aktivite mèt pwopriyete sou rivaj yo gen dwa bezwen pou fè reparasyon ijan nesèsè epi estabilize pwopriyete yo kont nivo dlo wo ak gwo vag poutèt van sou Rivyè Niagara River, rivaj Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence nan konte Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence ak Wayne. DEC te elabore Pèmi Jeneral la an konsiltasyon avèk Depatman Deta (Department of State, DOS) Eta New York la ak Kò Enjenyè Lame Ameriken (U.S. Army Corp of Engineers, USACOE) Distrik Buffalo a. Aktivite yo otorize yo nan pèmi sa a kalifye pou kouvèti Pwogram Pèmi pou Tout Nasyon an (Nationwide Permit Program) USACOE a epi li resevwa yon Akò Federal pou Konfòmite Kotye (Federal Coastal Consistency Concurrence) nan men DOS. Kandida ki kalifye yo pou Pèmi Jeneral la ap resevwa yon sèl apwobasyon nan men touletwa ajans yo.

Komisè DEC a, Seggos, te fè yon [Deklarasyon Ijans](#) pou konte Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, Saint Lawrence ak Wayne, ki prevwa emisyon yon nouvo Pèmi Jeneral pou aktivite abityèl ki nesèsè pou mèt pwopriyete sou rivaj yo antreprann pou repare epi estabilize pwopriyete ki donmaje yo poutèt nivo dlo wo ki genyen kounye a nan Lak Ontario ak nan Rivyè St. Lawrence la poutèt presipitasyon ak nèj k ap fonn lan depase lamwayèn nan Basen Gran Lak yo sou rivaj Lak Ontario, Pati Anba Rivyè Niagara a ak Rivyè St. Lawrence.

[Nouvo pèmi](#) an disponib sou sit wèb DEC a. DEC ap aksepte demann jiska 30 Avril 2020. Otorite Pèmi Jeneral la ap an vigè jiska 30 Septanm 2020.

Pami aktivite ki resevwa pèmi yo gen:

- Reparasyon ak ranplasman estrikti ewozyon yo ak estriksi menm jan an;
- Reparasyon oswa rekonstriksyon menm jan an wout, pon, sèvis piblik, ak lòt enfrastrikti piblik ki te la deja;
- Estabilizasyon kay, pon, ak pasaj pyeton ki te la deja, ap fonksyone, epi ki donmaje poutèt tanpèt avèk ranfòsman ak pil; epi
- Deblokaj kannal yo nan afliyon Lak Ontario yo ki bloke avèk sediman rivaj la.

Mèt kay yo ak minisipalite yo ki gen kesyon sou pèmi yo kapab kontakte [Administratè Rejyonal Pèmi DEC](#) yo.

Emisyon Pèmi Jeneral la se sèlman youn nan [plizyè mezi](#) eta a pran sou direksyon Gouvènè Andrew M. Cuomo pou deplwaye resous siplemantè epi ede pwoteje kominote yo kont nivo dlo yo k ap monte nan rejyon an. Pandan wikenn lan, Gouvènè a [te anonse](#) Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo te kòmanse kowòdone apèl pou preparasyon regilye avèk kolaboratè lokal yo, epi t ap mete anplas entèvansyon kritik ak resous pou rekonstriksyon sou bò lak la pou redui konsekans posib inondasyon yo anvan yo rive. Sou enstriksyon Gouvènè a, Divizyon an deplwaye yon total 340,000 sak sab, plizyè aparèy pou plen sak ak sab, plizyè ponp ak plizyè santèn pye akwadam nan anplasman estratejik nan uit konte yo ki antoure Lak Ontario a. Divizyon an rete an kominikasyon konstan avèk kolaboratè lokal yo avèk plis sak sab ak aparèy pou plen sak ak sab, epi li pare pou ofri plis asistans si sa nesèsè.

Ekspè DEC yo kontinye ap kontwòle done ak rapò ki soti nan men Komisyon Miks Entènasyonal la (International Joint Commission, IJC) sou sa yo prevwa pou nivo dlo yo pou idantifye zòn ki gen posibilite sibi konsekans nivo k ap monte yo. Apre inondasyon grav yo nan peyi Kanada, IJC ap kontinye redwi kouran dlo k ap soti nan Baraj Moses-Saunders lan ki sou Rivyè St. Lawrence nan yon efò pou minimize enpak yo, pandan nivo dlo lak la kounye a a plis pase yon pye pi wo pase nivo mwayen an.

Nan kòmansman lane sa a, Gouvènè Cuomo [te voye yon lèt](#) bay IJC pou mande Komisyon an maksimize kouran dlo k ap soti nan sistèm Lak Ontario a pou evite inondasyon plizyè milye Nouyòkè te fè fas a yo nan lane 2017. Depi lè sa a, nivo dlo yo rete pi wo pase nivo dlo mwayen an epi yo prevwa yo pral ogmante nan semèn ki gen pou vini yo, sa ki egzije deplwaman alavans resous eta a nan rejyon an pou pwoteje pwopriyete kay yo ak biznis yo kont inondasyon posib yo.

Depi dènye ka nivo dlo wo a sou rivaj Lak Ontario, Pati Anba Rivyè Niagara a ak Rivyè St. Lawrence an 2017, Eta a rezève 95 milyon dola pou Rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo. Pwogram rekonstriksyon an te kòmanse avèk yon angajman inisyalyal 45 milyon dola pou ede rezidan yo, ti biznis yo, ak minisipalite inondasyon an te afekte yo. Yo te ajoute de sibvansyon 5 milyon dola ki soti nan Pwogram Etablisman Eta ak Minisipalite a yo (State and Municipal Facilities Program) pou ranfòse èd yo te bay deja yo epi ofri asistans finansye ki nesèsè pou efò rekonstriksyon yo. Bidjè 2018-19 Eta a te gen ladan yon lòt 40 milyon dola pou pwogram rekiperasyon an, ki te kontinye sipòte rekonstriksyon ak estabilizasyon rivaj yo, ranbousman pou reparasyon ijans yo pandan inondasyon yo ak rekonstriksyon dig lan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)